

## RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN BAHASA JAWA



Satuan Pendidikan	: SMA Negeri 1 Ngoro
Kelas / Semester	: XI (Sebelas) / Ganjil
Tema	: Upacara Adat
Sub Tema	: Upacara Adat Panggih Manten
Pembelajaran ke	: 1
Alokasi Waktu	: 10 menit

### Tujuan Pembelajaran

Melalui metode pembelajaran examples non examples peserta didik mampu menganalisis struktur kegiatan upacara adat panggih manten dan mempresentasikan hasil diskusi kelompoknya, sehingga dapat mengembangkan sikap saling menghargai, kerja sama dan peduli serta mengembangkan kemampuan berpikir kritis, komunikatif, kolaboratif, kreatif dengan benar.

### Kegiatan Pembelajaran

#### Pendahuluan (2 Menit)

1. Guru mengucapkan salam dan mengajak siswa untuk berdoa bersama.
2. Guru menyiapkan peserta didik secara psikis dan fisik untuk mengikuti proses pembelajaran.
3. Guru mempresensi kehadiran siswa.
4. Siswa mendengarkan penjelasan guru tentang tujuan pembelajaran yang akan dicapai.
5. Guru melakukan apersepsi.
6. Guru memberi motivasi belajar peserta didik secara kontekstual (motivasi).
7. Siswa mendengarkan kriteria penilaian pembelajaran meliputi aspek sikap, pengetahuan, dan keterampilan.

#### Kegiatan Inti (6 menit)

1. Guru mempersiapkan gambar upacara *panggih manten*.
2. Siswa memperhatikan dan menganalisa gambar upacara adat *panggih manten* yang disiapkan oleh guru.
3. Siswa dibagi menjadi 4 kelompok, masing-masing kelompok diberikan tugas menganalisa gambar struktur upacara adat *panggih manten* sesuai petunjuk dalam lembar kerja kelompok
4. Siswa berdiskusi dan mencatat hasil pekerjaan kelompok pada lembar kerja kelompok.
5. Setiap kelompok mempresentasikan hasil diskusi kelompoknya.
6. Guru memberikan tanggapan terhadap hasil penjelasan masing-masing kelompok.

### Penutup (2 Menit)

1. Siswa membuat simpulan tentang upacara adat *panggih manten*.
2. Siswa bersama guru melakukan refleksi.
3. Guru menyampaikan materi untuk pertemuan berikutnya.
4. Guru memberikan penugasan kepada siswa.
5. Guru memberikan kesempatan siswa untuk bertanya tentang materi yang telah dipelajari.
6. Guru menutup pelajaran dengan mengucapkan salam.

### Penilaian

Sikap : Pengamatan dan Observasi  
Pengetahuan : Tes tulis  
Keterampilan : Penugasan



Mengetahui,  
Kepala Sekolah SMA Negeri 1 Ngoro

H. Wardoyo, S.Pd, M.Pd  
NIP. 19660814 198811 1 003

Mojokerto, 02 Januari 2022

Guru Mata Pelajaran Bahasa Jawa

Imelda Atika, S.Pd

## 1. Teks Upacara Panggih Manten

### Upacara Panggih Manten

Panggih ing basa Jawa tegese ketemu, upacara adat panggih manten minangka budaya tradhisional kang ditindakake sawise adicara akad nikah. Upacara iki nduweni tujuwan supaya pasangan kang lagi wae dhaup bisa nglampahi pagesangan enggal kanthi sakinah, mawaddah lan warahmah lumantar idi pangestu saka rama lan keng ibu sarta para sedulur. Upacara panggih manten ditindakake ing daleme pinanganten putri.

Ana saperangan ubarampe kang diperlokake sajrone upacara panggih manten yaiku pisang sanggan saka who gedhang raja, suruh ayu (godhong suruh kang isih seger), gambir, kembang telon (3 jinis kembang: mawar, mlathi, lan kanthil), lawe wenang (benang putih kanggo naleni godhong suruh), kembar mayang (rerangkening paesan kang digawe saka godhong klapa banjur ditancepake ing debog gedhang, ranupada (piranti kanggo mbasuh sikil pinanganten kakung kang dumadi saka bokor mas, baki, kembang setaman, lan endhog pitik kampung), kain sindhur, beras, koin, wiji-wijian, kantung saka kain, kain kang gedhene sataplak kanggo kacar-kucur, sarta sega lan lawuh kanggo dulangan. Saliyane iku uga ana godhong ringin, nanas, mlathi, pari, kapas, lan cengkir kang nduweni makna supaya pagesangan enggal pinanganten kakung lan putri diparingi kalancaran, ora nemoni alangan saengga bisa nggayuh kamulyaning urip.

Tata cara upacara panggih manten kang **kapisan** diwiwiti saka proses **liron kembar mayang**. Proses iki ditindakake kanthi ijol-ijolan kembar mayang antarane pinanganten. Makna lan tujuwane yaiku nyawijine cipta, rasa, lan karsa kanggo kabagyan lan kaslametan. **Kapindho** yaiku **balang gantal**, manten kekarone balang-binalang gantal sing diarani gondhang kasih lan gondhang tutur. Maknane wong lanang kudu kebak katresnan lan aweh pitutur marang garwane, dene manten putri kudu kebak asih lan ngabekti marang kakunge. Wujud gantal iku suruh dilinthing ditaleni benang lawe, maknane manten kekarone wis kaiket ing janji. Suruh iku lumah lan mengkurepe beda nanging yen dienggo ngingang rasane padha, maknane manten kekarone kudu tansah bisa manunggal ing rasa. **Katelu** yaiku **wiji dadi/ ranupada**, manten lanang ngidak endhog nganti pecah dene manten putri mijiki samparan (sikile) manten lanang. Maknane, muga-muga manten kekarone cepet entuk momongan/ keturunan, endhog sing diidak kudu pecah maknane pecah pikire lan mecah tanggung jawabe wong tuwa. **Kapapat** yaiku **ngunjuk degan/ toya wening**, manten kekarone diparingi ngombe banyu degan utawa banyu bening saka kendhi dening wong tuwane. Maknane samubarang apa wae kudu dipikir kanthi beninge pikir. **Kalima** yaiku **sinduran**, manten kekarone disingkep sindur rupa abang lan putih dening rama lan ibune. Rama mapan ing ngarep, ibu mapan ing mburi. Maknane, pralambang sangkan paraning dumadi, putra kekarone dening rama lan ibu dituntun ing dalaning kamulyan (Rama mapan ing ngarep, maknane ing ngarsa sung tuladha, dene ibu mapan ing mburi maknane tut wuri handayani). **Kaenem** yaiku **timbang bobot**, temanten kekarone dipangku dening ingkang rama. Nalika ibune takon marang bapak, abot endi bocah sakloron, dijawab “padha abote”. Maknane muga-muga bocah sakloron katresnane bisa

padha (ora abot sih). Semono uga jejere wong tuwa olehe ngrengkuh anake dhewe apadene anak mantu ora dibedak-bedakake. Kapitu yaiku tanem jero, manten sakloron dicekel pundhake dening rama banjur dilungguhake ing kursi. Maknane, bocah sakloron ditandur (diwisuda), supaya bisa mangun bebrayan kanthi becik. **Kapitu** yaiku **kacar-kucur**, manten lanang nyuntak wadhah isi dhuwit receh, beras kuning, kacang kawak, dhele kawak lan sapanunggalane marang pangkone manten putri. Maknane, jejere wong lanang duwe kuwajiban menehi nafkah lan nyukupi kabeh kebutuhane wong wadon lan kulawargane. Semono uga jejere wong wadon kudu nyukup-nyukupake sepira akeh sethithike kayane wong lanang kudu dicukup-cukupake. **Kawolu** yaiku **dulangan**, manten kekarone padha dulang-dulangan (bisa genti genten, lan bisa bebarengan). Maknane, antarane wong lanang karo wong wadon kudu tansah bantu-binantu lan kerja bebarengan. **Kasanga** yaiku **sungkeman**, manten kekarone ngabekti lan sungkem marang wong tuwa kekarone (rama lan ibu) sarana nyuwun berkah pangestu. Maknane, jejere anak kudu tansah ngabekti lan mbangun turut marang wong tuwa, dene wong tuwa tansah mangestoni saha ndongakake sarta maringi pitutur marang putra/putrine.

### LAMPIRAN-LAMPIRAN

#### Soal Tes Tulis

NO	BUTIR SOAL	NILAI BERDASAR % JAWABAN BENAR			
		25%	50%	75%	100%
1	Apa kang diarani upacara adat panggih manten?				
2	Apa tujuwan ditindakake upacara adat panggih manten ing bebrayan Jawa?				
3	Ubarampe lan piranti apa wae kang dibutuhake ing upacara adat panggih manten?				
4	Apa kang diarani Ranupada? Pirantine apa wae kang digunakake?				
5	Sebutna kanthi jangkep tata cara upacara adat panggih manten!				
6	Kepriye lumakune balang gantal?				
7	Kepriye lumakune sinduran?				
8	Apa maknane sinduran?				
9	Apa teges simbolik saka prosesi ngidak endhog? Ubarampe lan piranti apa wae kang dibutuhake sajrone prosesi kasebut?				
10	Ing prosesi apa kang				

	nggambarake sembah bektine pasangan pinanganten marang wong tuwane?				
--	---	--	--	--	--

**KETERANGAN:**

1. Jika jawaban tingkat kebenaran berkisar 25% kebawah nilai 40.
2. Jika jawaban tingkat kebenaran berkisar 50% nilai 60.
3. Jika jawaban tingkat kebenaran berkisar 75% nilai 80.
4. Jika jawaban tingkat kebenaran berkisar 100% nilai 100.

**TUGAS KELOMPOK**

Ing ngisor iki gambar-gambar prosesi tata cara upacara panggih manten. Gatekna banjur urutake upacara panggih manten kanthi bener lan wenehana jeneng prosesine lan makna simbolike ing tabel ngisor iki!

No	Gambar	Prosesi	Makna Simbolik
1			
2			

<b>3</b>			
<b>4</b>			
<b>5</b>			

6			
7			
8			

9







**PENILAIAN KETERAMPILAN****RUBRIK PENILAIAN KETERAMPILAN**

NO	NAMA SISWA	KETEPATAN		
		URUTAN PROSESI	ISTILAH PROSESI	MAKNA SIMBOLIK PROSESI
1	ARUNA SACHI KANAYA			
2	BRAMASTYA W			
3	FAJRIN			
4	JIHAN AULIA			

**PENILAIAN SIKAP****RUBRIK PENILAIAN SIKAP**

Kerja sama, peduli, dan berani dalam berkelompok

Nama Sekolah : SMA Negeri 1 Ngoro

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa

Kelas/ semester : XI/1

Tahun Pelajaran : 2021/2022

No	Tanggal	Nama siswa	Kejadian	Tindak Lanjut
1		ARUNA SACHI KANAYA		
2		BRAMASTYA W		
3		FAJRIN		
4		JIHAN AULIA		